

ZVEKUNAMATA ZUVA NEZUVA

CHINYORWA

3

Gunyana
2022

Nhau Dzakanaka

ZUVA NEZUVA

MAHARA
KWETE KUTENGESWA

IRI BHUKU RATOBHADHARIWA
NEVATAKABATANA NAYO SAKA
RINOOGONA KUGOVERWA MAHARA

EMVURA INOTONHORERA KUMWEYA UNE NYOTA, NDIZVO ZVAKAITA **NHAU DZAKANAKA** DZINOBYA KUNYIKA IRI KURE. (ZVIREVO. 25:25)

Uebert & BeBe
ANGEL



UEBERT & BEBE ANGEL

Uebert na BeBe Angel vashumiri veshoko raMwari vanemakore akawanda vachiita basa iri, uye ndivo vakavamba vachitungamira zvakare kuparidza pamusoro pe nyasha dzaMwari dzakawanda pasi rese, vachishandisa chiporofita nezvinyorwa, muchirongwa chinonzi (Evaggelion). Pahuviri hwavo vakanyora mabhuku echitendero anosanganisira rinonzi Spiritual Warfare, Intimacy, Prayer Banks, Supernatural Power of The Believer, nemamwewo. Uebert na BeBe Angel vatungamiri vane mbiri pasi rese uye vanokokwa zvikuru kumisangano yakakura kuti vatungamirire misangano iyi, iyo inopindwa nezviuru zvakawanda zvevanhu. Sevatumgamiri nevavambi vekereke inonzi Good News Church (Spirit Embassy) uye sevaporoifita vakuru vaMwari, hushumiri hwavo hwashandura nekukomborera mamiriyoni akawanda evanhu pasi rese, nekuti ivo vane chido chekutendeutsa vanhu kuti vade Mwari, uye vachiratidza rudo rwaMwari urwu nemabasa, muchirongwa chavo chokuparidza che (Evaggelion).



Become a **GoodNewsWorld** PARTNER



PARTNER NOW AND HELP SPREAD
THE **GOODNEWS** AROUND THE WORLD

VISIT www.goodnewsworld.com/partner

**Isaya 26:3****Anomoyo wakasimba muchamuchengega murugare rukuru nokuti anovimba nemi**

Tiri kurarama mumazuva ekuti kuwana runyararo kwave kunetsa uye chinhu chinonzi "runyararo rwakaperera" hapasisina. Tirikungonzwa nhau dzinoshungurudza mwoyo pese pa nongovhurwa wairesi, chivhiti vhiti kana masaisai esocial media, uye hakusisina zvinotepfenyurwa kana kunyorwa zvinosimudzira mweya yevanhu, kana kuvaudza kuti kune hupenyu hwakanaka hunonakidza hwatakapihwa naMwari. Vhesi redu ranhasi ririkutipa musiyano uripo pakati pevanhu vane mwoyo yakasimba nekuti vanovimba naMwari sakaMwari achivachengetedza vaine runyararo rukuru.

Kune vamwe vanhu vekuti mupfungwa dzavo havatombofunga kuti kuna Mwari. Rangarira kuti kunyangwe tirimunyika ino

asi hatisi vemunyika. Sakazviito zvedu semaKristu zvedu inofanira kuratidza watakamiririra. Bhaibheri rinotiudza kuti mifungo yedu inofanira kufanana neya Ishe Jesu:' (VaFiriipi 2:5). Pfungwa yalshe Jesu Kristu hainetseke kana kufunganya. Pfungwa yaKristu hainetseke pamusoro pezvirikuitika kana kufunganya kana pakaitika zvinhu zvinonzi hazvigadzirike.

Vhesi redu ranhasi rinotiudza pachena kuti kana pfungwa dzako dzikaramba dzakatarira kuna Mwari zvisinei nemamiriro anenge akaita zvinhu Mwari pachavondivo vanokuchengetedza. Nemamwe mashoko kuchengetedzwa kwauri kutsvaga kunowanikwa munaMwari. Kuvimba kwako naMwari kunobva mushoko ravo iro rizere nezvivimbiso pamusoro pako. Verenga shoko ravo mazuva ese!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinowana runyararo rwusingapere kubva kuna Mwari. Kwese kwandinoenda ndinenge ndiine runyararo rwaMwari mandiri. Hupenyu hwangu hunoratidza runyararo rwaMwaro rwuri mandiri. Hareruyah!

MAVHESI EKUVERENGA

VaFiriipi 4:6-7



2 VaKorinte 3:2 (KJV)

Imimurimwadhi yedu yakanyorwa mumwoyo medu inozikanwa nokuv-erengwa navanhu vose:

Vhesi redu ririkutaura pamusoro pekunyorwa kwechimwe chinhu mungave mubhuku, mutsamba, mumagazine chero papepa. Zvinhu zvandadoma zvakafanana nekuti zvinotakura mashoko anenge akanyorwa pazviri. Tese tinogona kuverenga zvinenge zvakanyorwa; asi tinogona sei kuverenga zvinenge zvakanyorwa pamwoyo wemunhu? Kuti tiwane zviru mumwoyo wemunhu tinoteerera zvinobuda mumukanwa make nekuti bhaibheri rinotiudza kuti '...nokuti muromo wake unotaura kubva pakuzara kwomwoyo wake.' (Ruka 6:45), Ukasvika panzvimbo wonyarara hako hapana anoziva kuti wakachenjera here kana kuti wakapusa. Zvinongoda chete kuti utaure mashoko mashoma kutii vanhu vazive kuti wakachenjera here kana kuti wakapusa.

Zvawakachengeta mumwoyo mako pamusoro pezvaunoziva pamusoro paMwari zvinobuda mumukanwa mako paunongotanga kutaura. Kana uchigara urimushoko raMwari vanhu vaunosangana navo vanoziva kuti uri ani kuburikidza nemashoko anobuda kubva mumukanwa mako. Haugare uri mukereke nguva dzose kana mumba kana kuchikoro chete, unofambafamba uchisanganawo nevamwewo vanhu. Zvaunotaura wave mukati mevvanhu zvinofanira kuita kuti vanhu vadeKristu. Mararamiro ako anofanira kukwezva vanhu kunalshe vedu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Hupenyu hwangu hunopenyesea mukati merima riri munyika. Pandinotaura mashoko angu anenge akazara nehuchenjeri hwaMweya Mutsvene. Ndiri mutakuri wenhau dzinonakidza. Hareruya!

MAVHESI EKUVERENGA

2 VaKorinte 9: 2

**VaEfeso 3:20 (KJV)**

Zvino iye unesimba rokuita zvikuru kwazvo zvinopfura zvose zvatinokumbira kana zvatinofunga, nesimba rino-bata mukati medu,

Ndinoshamisika nguva dzose pandinobvunzwa nevanhu kunzi zita rangu rakawanisa sei kuwanikwa mugwaro reForbes Magazine iro rinonyora nezvevanhu vanenge vakapfuma kudarika vamwe. Ndinogara ndichipindura kuti zvandiri uye nehupfumi hwandiihwa ndini ndinenge ndazviture kwete zvinonyorwa kana kutaurwa nevanhu pamusoro pangu. Ukaverenga vhesi redu ranhasi unocherechedza kuti Mwari vanogona kuita zvanenge vati vanoita mushoko ravo. Zvakare vanoita zvakadarikidza zvaunenge wakumbira kana kutaura semanyorerwo azvakaitwa muvhesi redu iri. Dambudziko rine vatendi vakawanda nderekuti havasati vavekuziva kuwanzwa kwezvinhu zvinouya kwavari kuburikidza nekuratidzwa

kwesimba raMwari muhupenyu hwavo.

Kana ukaisa munganhu pamashandiro anofanira kuita simba raMwari muhupenyu hwako, ndizvo zvaunowanawo nekugoverwa navo. Ukabvisa miganhu wovabvumira kuti vashande saJehovha El Shaddai, avo vanemazamhu akawanda pavari ekukuyamwisa nawo, unona pavekuitika zvinhu zvakanwanda muhupenyu hwako vachiratidza simba ravo rekukuitira zvawada, nekukupa zvese zvaunokumbira. Simba ravo riripo kuti rishande mauri uye kuburikidza newe, saka chitanga kushandisa simba iri muhupenyu hwako kubvira nhasi ugoita zvishamiso. Chirega kuzviisita miganhu muhupenyu hwako, kana Mwari vachitauranewe, vanokwanisa kuita zvanenge vati vanoita nezita raJesu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndine simba raMwari mandiri, iro rinogara mandiri. Hapana chinondimisa, zvandinokunda zvakanwanda hazvina magumo kuburikidza nesimba raMwari rinoshanda mandiri nguva dzose. Hareruya!

MAVHESI EKUVERENGA

VaRoma 16:25



1 VaTesaronika 5:12-13

Zvino tinokumbira kwamuri, hamadzangu kuti muzive avo vanobata pakati penyu, vanokutungamirai munaShe vanokurairai muvakudze zvikuru norudo nokuda kwebasa ravo.

Mazuva abo zvirikuitwa mumakereke hazvienzaniswe nezvirikunzi zvinofanirwa kuti zviitwe muvhesi redu ranhasi, MuAostora Pawuro varikutsiura nhengo dzekereke vachidziti dzinofanirwa kuremekedza hitungamiri hunenge huri mukereke zvakaita se vaProfita, maApostora, vaVhengeri Vaparidzi, vadzidzisi behumwewo hutungamiriri hunenge huri muereke kiburikidza nebasa ravanenge vachibata mukereke.

Kosei MuApostora Pawuri vachikomekedza kuti hutungamiriri mukereke hukosheswe uye kuti huremekedzwe? Garawaziva kuti kana Mwaei akazodza munhu zodzo iei haripere muhupenyu hwakom salka kana ukasangana nemuzodziwa waM-

wari kana munhukadzi anenge akazodzwa naMwaei uamuremekedza, zodzo rinenge riri paari rinoshanda zvinoshamisa muhupenyu hwako. MaKristu akawanda avo vanenge vaine mweya wekudheerera vanopfugama pamberi pemunhu waMwari asi mweya yavo inenge yakamira ichisvora munhu waMwari uyu, izvo zvinoita kuti zodzo riaanenge ainaro risashande muhupenyu hwavo. Hazvigoneke kuti zvinhu zvakadaro zviitike, Ukaremekedza munhu waMwari anenge ari muhupenyu hwako, zodzo rinenge riri paari rinoshandawo muhupenyu hwako. Paunongoita sarudzo chete yekuremekedza munhu waMwaro anenge ari muhupenyu hwako unoona hupenyu hwako hwave kusimukira nezita guru raJesu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndaita sarudzo yekuremekedza nekukudza vese vakaiswa pamusoro pangu, Hupenyu hwangu hucharatidza kristu ari madiri mazuva ese uye ndichapenya lkwese wandinenge ndiri nezita raJesu. Amenii!

MAVHESI EKUVERENGA

1 VaKorinte 16:18

**Johane 6:29**

Jesu akapindura akati kwavari; basa raMwari ndiro, kuti mutende kunaiyenwaakatuma

Kana ukabvunza vatendi vakawanda kuti zvinokosheswa na Mwari ndezvipi pamutendi unonzwa vachiti anokoshesa kutendeutsa kwevakarasika, Asi hazvisirizvo zvinonyanyodiwa naMwari, Kunyangwe Mwari vachikoshesa kutendeutsa kwevakarasika asi chavanonyanyo koshesa kudarika zvese kuvimbwa navo nezvavanenge vataura mushoko ravo. Chinokosheswa naMwari pahukama hwavo nemunhu sezvandataura, kuti munhu anotenda here zvanenge vataura. Apandirikuti, vanoda kuona kuti uchavimba neshoko ravo kana kuti kwete. Kuna Mwari hakuna chinonzi kuva pakati ne pakati kwete. Mwari vakayedza Abrahama kaviri kесе vachida kuona kuti aivimba navo kusvika pakaita sei apo vakamuudza kuti ape mwanaomana

wake akange ari ega, Isaka sechibayiro kwavari, zvekutoti Mwari vacho ndivo vakatozomhanya mhanya kupindira vakumumisa kuti asabayire mwanaomana wake uyu kwavari Bhaibheri rinoti Abrahama akatenda kuna Mwari nemwoyo wake wese zvekuti Mwari vakaona kururama kwake.

Unoona here zvinoitwa naMwari kana vachida kuongorora kuti unovimba navo kusvika pakaita sei. Pese paunoratidza kuvimba navo zvinonyorwa mumabhuku ekudenga zvichinzi wakarurama. Ndiyo mhando yaMwari watinoshumira, uyo anokoshesa kuti vanhu vavimbe naye'. Kana waratidza Mwari kuti unovimba navo ziva kuti vanenge vatokusimudzirawo pamweya ipapo ipapo.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinovimba naMwari nemwoyo wangu wese, nemweya wangu uye nemuviri wangu, Hupenyu hwangu haucharambe hwakadaro zvakare Amen!

MAVHESI EKUVERENGA

Zvirevo 3:5



MuProfita Zekariya 4: 6

Ipapo akapinduraakataura neni akati Ndiro shoko ra Jehovha kuna Zerubhabheri, rinoti Hazviitwe nehondo kana nesimba asi noMweya wangu, ndizvo zvinotaura Jehovha wehondo.'

Vhesi ranhasi rinotaurwa zvikuru nevatendi vakawanda asi vashoma vanoziwa zvarinoreva. Vara rekuti simba rinonzi 'chayil' pachuHebheru zvichireva simba remauto kanakuti rehupfumi rinenge rashandiswa kushandura mamiro ezvinhu. Zvakare vara rekuti simba rinonzi 'koach', pachuHebheru zvakare zvichirebva kusimba kana musimbisira. Mashoko ari muvhesi redu anotaurwa namuporofita Zaiya apo vaiudza Zerubhabheri uyo akange adzoka ubva kunoshandira mumwe mambo wekune imwe nyika zvaitaurwa naMwari pamusoro pekuvakwa zvakare kwaida kuitwa madziro eJerusarema ayo akange aputsika,

Shungu nekuzvipirwa izvo zvakange zviina Zerubhabheri pakuvaka chidziro cheJerusarema zvakakonzeresa kuti arwiswe nemuvengi. Wese aiedza kuva-ka madziro eJerusarema aitorwiswa chete. Saka vaivaka chidziro vaitoenda kunoita basa iri vakapakatira zvombo kuti kune rumwe ruoko anenge aine chombo rumwe ruoko rwuchivaka. Zvinotidzidzisa isu semaKristu kuti muvengi anototirwisawo haatisiye. Dzimwe nguva kurwiswa uku kunotonyanyisa paunenge wave kuzvipira pakuita basa raMwari. Nzira imwe chete inoita kuti ukwanise kukunda kuita mubatanidzwa namweya mutsvene, uyo anotakura matambudziko ako ese, woona uchikunda pane zvese zvaunenge uchisangana nazvo. Urimukundi muna Kristu

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinogara muna Kristu uywo iye ari mandiri. Handikundikane muhupenyu nekuti ndinodyidzana naMweya mutsvene. Hupenyu hwangu hunokoka zvinhu zvakanaka uye ndinokunda zvese muna Kristu. Amen!

MAVHESI EKUVERENGA

Hosiya 1:7



VaFiri 1:7

Sezvavakanaka kwandiri kuti ndifunge saizvozvo pamwoyo penyuzvose zvandinokurangarirai mumwoyo mangu nokuti pakusungwa kwangu napakutavirira nokusimbisa pamwe chete neni.

Maiwe zvangu simba rine vhesi ir rakawanda! Mhedzisiro yevhesi iri kusimbisa kuko-sha kwakaita mabatanidzwa wenyasha. Unokwanisa kuwana nyasha dziri pane umwe munhu kana uchinge waona chizaruro cheshoko rake nemuono wake. Kubatirana kwaunenge uchiita pamusoro pamararamiro ake, hushumiori hwake hungave munzvimbo yangere kana kuti kunyika iri kure. Zvakakosha zvakare kuti unge uchibatirana nemuono wake wek-uparadzira shoko kunzvimbo dzakasiyana siyana nekumiririra hushumiri hwake uchibatsira kuti huenderere mberi. Vanhu vakawanda mumakereke umu vanoram-

ba kupinda muzvirongwa zvekereke kana pachidwa mari uye kana paine zimwewo zvinenege zvichiitwa kusimudzira kereke asi vanenge vachitarisira kuti vakohwe pakuru. Ko unokohwa sei paunenge usina kudyara?

Semutendi unofanirwa kuramba kuiva nenungo woshanda mukereke. Unofanirwa kushanda mukereke kuitira kuti nyasha dzirimukereke iyi dzishandewo muhupenyu hwako. Paunotanga kutevedzera zvandakuudza izvi unenge wave nekodzero yekuwanawo maropafadzo nyenasha zvinenge zviri muhupenyu hwemunhu waMwari anenge arimuhupenyu hwako. Chizaruro chavanenge vainacho muhupenyu chinobva chava chakowo.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinorarama munyasha dzirimunhu wangu waMwari! Kuzvipira kwandinoita pakubatirana naye mubasa raMwari ndiko kunounzawo nyasha dziri paari muhupenyu hwangu. Hareruya!

MAVHESI EKUVERENGA

VaRoma 15:27

**VaRoma 8:37**

Kwete , muzvinhu zvese tiri vakundi nekudarikidza naiye akatida.

Unofanira kuti unzwise matangiro evhesi iri usati waenda kumaguno aro nekuti rinotanga nekusi kwete, richireva izwi rinonzi alla nechigiriki, iro rinoreva kuti kunyangwe zvakadaro. Uye izvi zvinoita kunge kune zvimwe zvinhu zvinenge zvaitika kanakuti zvinenge zviripo'. Munyori webhuku revaRoma MuApostora Pawuro ndivo nyandzvi inogona kutsanangura kukundakwevatendi nekuti vakapndana netsekwende dzakawanda semutenendi. Ngarava yavo yakambobheurwa nechamupupuri, vakarumwa nenyoka vakasungwa kakawanda vachisungirwa kutenda kwavo nemabasa ekushumira evhangeri, pamwe pachokvakatomborohwa zvakaipisisa nemauto ekuRoma asi kunyangwe zvakadaro vanozvitsanangura semukundi muna Kristu akatida.

Mumwe anogona kubvunza kuti asi kana Kristu achitida sei tichisangana nematambudziko akadai? Sei bhizimusi rangu risiri kusimukira sekuronga kwandinenge ndakaita? Nhei mhuri yangu irikuparara? Kunenge kuine mibvunzo yakawanda! Asi ngatiende pane musoro wenyaya sezvo Pawuro achiti tiri vakundi nekudarikidza kuburikidza naiye wakatida (VaRoma 8:37). Kuva mukundi unofanirwa kupinda hondo asi kuti unzi vakundi nekudarikidza unofanirwa kunge wapindana nehondo dzakawanda uchikunda. Mibvunzo yaunayo yekuti sei zvakati zvichiitika inopindurwa ipapapa nekuti unokundiswa naJesu akakuda muhondo dzese dzaunosangana nadzo. Kana Kristu ari mauwi uye iwe uri maari unokunda hazviitwe musimba rako Bhaibheri rinoti Kristu mauri itariro yekubwinya (VaKorose 1:27, KJV).

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Nfiri muna Kristu iye ari mamandiri saka mumatambudziko ese andinosangana nawo muhupenyu ndinokunda. Ndichagara ndichirarama ndichikunda zvese. Handikendenge pamusoro pezvongfungwa nevanhu pamusoro pangu. Nekuti ndinoziva kuti Kristu mandiri itariro yekubwinya Amen!

MAVHESI EKUVERENGA

2 MaKoronike 20:15

**VaEfeso 5:18**

Regai kudhakwa newaini nokuti ndipo pane kusazvidzora asi zadzwai namweya mutsvene;

Vanhu vakawanda vasiri maKristu uye nevamwewo vanoenda kumakereke vane katsika aka kekutora zvinhu zvinodhaka kana kuti zvinoitakuti mweya yavoifare. Katsika aka kekutora zvinodhaka vanokakoshesa sezvo kachikonzeresa kuti vambokanganwa zvinenge zvichivanetsa kunyangwe kurikumbokanganwa nhamo dzavo kwekanguva kadiki diki. Vhesi redu ranhasi rirkuyambira kuti tisambotora chero chinhu chidiki chinokonzeresa kuti tisafunganye. Mamwe mabhaibheri anoti tsika iyiyakaipa nekuti inokanganisa hupenyu hwako uye mamwe mabhaibheri anoti kudhakwa kuti ukanganwe nhamo hupenzi chaihwo. Saka tave kunyatsoziva kuti kudhakwa newaini hausi huchenjeri.

Vhesi iroro rinokurudzira kuti tidhakiswe namweya mutsvene. Ukadhakwa naMweya mutsvene hauite zvinhu zvehupenzi kana zvisina hunhu. Kana wakadhakwa naMweya Mutsvene anokutungamirira pfungwa dzako wowana ruzivo rwemhando yepamusoro, kwete semunhu wepanerinopasi. Mifungo yako inobva yatanga kuwana zvizaruro uchitungamirirwa naMwari avo vanobva vatanga kukuudza zvinhu zvakavanzika pamusoro pavo. Maprofito akare ainzwisisa kukosha kwekudhakwa naMweya Mutsvene nekuti muzvinyorwa zvavo vanotsangura kasingaperi kuti zvavainyora vaizvizarurirwa naMweya Mutsvene, kana kuti pavainge vakadhakwa mumweya.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndsinosarudza kuzadzwa naMweya Mutsvene kuti ndiwane huchenjeri hwemhando yepamusoro kudarika hwemunhu. Mararamiro andinoita hupenyu hwangu anoratidza huvepo hwaMwari pandiri nekuti ndizere namweya mutsvene. Hare-rya!

MAVHESI EKUVERENGA

Zvirevo 23:31

**Zvakazarurwa 22:12**

Tarira, ndinokurumidza kuuya, mubairo wangu ndinawo kuti ndipe mumwe nomumwe sezvaakabata.

Ndakamboendeswa kudenga mumwe musu munzendo dzangu dzeukuenda kunyika yemweya, Ishe Jesu vakandiudza kuti 'Udza vanhu vangu kuti ndav-ekudzoka muchinguvana chipfupi chirikutevera.'

Ndakapindura ndikati 'Ishe ndirikunovaudza.' Ndinoziva kuti vanhu vakawanda vanofunga kuti izvi zvinhu zvavanoziva sezvo zvagara zviripo. Asi zvakakoshawo kuongorora kuti sei pamuwono wandakaita uyu, Ishe vakandiudza zvinhu zvakadaro?

Ndava nenguva yakareba ndichitaura kuti tirikurarama mumazuva ekupedzira, panoperera chiverengwa. Mumu-

tambo webhora nguva yatirikurarama inonzi yekuwedzerwa panenge papera mutambo. Hakusisina nguva yekutamba kana urimuKristu. Yavenguva yekukoshesa zvinhu zvaMwari. Ndinogara ndichiudza vanhu kuti basa raMwari ndiro basa chairu mamwe mabasa mabasa madiki.

Kana urimutambi wenhabvu kanaukaona kuti nguva yekutamba nhabvu yawedzerwa unenge uchiziva kuti pito yekuti mutambo wapera inogona kungoridzwa chero ipi nguva nemuzvinapito. Saka ndirikukurudzira kuti ukoshese zvinhu zvaMwari. Gara uchiziva mupfungwa dzako kuti hapasisina nguva! Kubvutwa kwava tsvene kwave pedyo!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndatogadzira nguva yekubvutwa kwava tsvene; ndakugara ndichikoshesa kuda kwaMwari nguva dzose. Ndichatevedzera nekuita zvese zvinodiwa naMwari pamusoro pehupenyu hwangu, uye nekugara ndichiverenga shoko ravo. Ndiri wedenga uye muvengi haambofa akakanganisa hupenyu hwangu. Amen.

MAVHESI EKUVERENGA

Muprofitu Isaya 40:10



1 VaTesaronika 5:24

Wakatendeka ndiye anokudaidza, uye achazviita.

Mwari ndivo varikuita basa rekudana muvhesi redu ranhasi. Unonzwa vachiti kuvimbika kwavo hakukundikane uye izvi zvinhu zvavanotaura kakawandisa mushoko ravo. Bhaibheri rinoti muna Mapisarema 89:33 havatenderi kutendeka kwavo kuti kukundikane. Kushomeka kwatakaita sevanhu ndiko kunoita kuti titadze kuona hukuru hwaMwari nezvavari.

Tinofunga kuti Mwari anenge akatitsamwira achigununguna pamusoro pedu nekuti tinege tatadza kuita kuda kwavo. Chokwadi chiripo ndechekuti Mwari pavakakudana, vakange vatove nehurongwa pamusoro pakoO. Kana urimuhumiri, kana Mwari vakakupa muono vanobva vakupawo zvese zvinodikanwa kuti muono uyu uzadzikiswe. Kana urimushumiri anonetseka nekuwana zvekushandisa pabasa rako unofanira kuongorora mu-

no wako zvekare.

Mwari vakatopedza kare kugadzira hurongwa hwehupenyu hwako asi maitiro edu sevanhu nehunhu ndizvo zvinokonzeresa kuti tiedze kusatevedza gwara raMwari rehupenyu hwedu. Vanhu vakawanda vanofunga kuti Mwari vanonoka kuita zvinhu zvinokonzeresa kuti vasangane nematambudziko akawanda izvo zvinozoita kuyti vamhure zita raMwari. Kana hana yako nemifungo zvichitungamirirwa neshoko raMwarinuye uchibvimidza mweya mutsvene kuti akudzidzise unoona hupenyu hwako huchisimukira, uye uchitevedza gwara raMwari rehupenyu hwako. Chigara waziva kuti Mwari vasati vakudaidza vanenge vakatoronga hupenyu hwako nechekare, uye pavanokudaidza vanokupa zvese zvinodiwa kuti uite basa ravo!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

NdirimuKristu anehuchapupu uye ndakadaidzirwa hukuru. Ndinorarama hupenyu hwangu ndichitevedzera gwara rehurongwa hwaMwari pamusoro pehupenyu hwangu, uye handifbude muzvirongwa zvaMwari zviri pamusoro pehupenyu hwangu. Ndiri kuwana ruzivo nesimba rekuifa minana isina magumo murwendo rwangu naMwari. Hareruya!

MAVHESI EKUVERENGA: VaFiriipi 1:6



1 VaKorinte 11:1

Ivai vateveri vangu sekutevera kwandinoita Kristu.

MuApostora Pawuri ndiye akanyora chimwe chete kubva muzvitatatu zvebhaibheri uye ndiye akataura mashoko ari muvhesi redu ranhasi, rekukurudzira kereke yekuKorinte kuti imutevere sekutevera kwaaiita Kristu, Asi Mashoko aya angatokatyamadza zvikuru kana akaudzwa vamwe vatendi avovanofunga kuti vanoziva zvikuru,

Kana ndikaudza vanhu kuti baba vangu vepamweya Mufundisi Chris Oyakhilome inyenyedzi yangu, zvandinenge ndataura zvinotsanangurwa kuti zvinoreveki nevanhu vakasiyana siyana. Ichokwadi ichocho kuti ndinotevedzera Mufundisi Oyakhilome uye ndinozviita pese pavanozarura magwaro ebhaibheri, uye zvinhu zvinondipa zvizaruro. Apo Mufundisi Oyakhilome vakandinamati- ra vakakongoita kamunamati kadiki kekuti shoko raMwari rikure mandiri uye kuti ndi- wane chizaruro chemhando yepamusoro,

mazwi kubva mushoko raMwari akabva atanga kuva nehupenyu achida kutaurwa kubva muhhaibheri. Baba vangu vepamweya Mufundisi Chris munhu anodisisa Ishe Jesu neshoko raMwari, uye vane vatendi vanodarika bhiriya venovetevera. Ungatadze sei kutevedzera munhu anoshamisa kudaro!

Ndiyani wauri kutevedzera semuenzaniso wako paari kutevera Kristu? Ndiyani munhu arikutaura newe sababa vanenge vachitaura nemwana wavo? Bhaibheri rakazara nevanhu vakange vaine hukama hwababa nemwanakomana wavo sezvakjange zvakaita Pawuro kuna Timoti, Erija kuno Arisha uye vese vaitvedzera madzibaba avo vaiita zvikuru kuvadarika.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Maziso angu anogara akatarisa zvinhu zvedenga. Handivhirin- gidzwe neavo kaipa pamusoro pangu. Hupenyu hwangu hwakanakisisa, ndakagadzirwa zvakanakisisa uye zvinosham- isa, uye ndakabatanidzwa neavo vanofanira kundibatsira kuti ndiwane zwiwanikwa zvangu. Hareruya!

MAVHESI EKUVERENGA

VaEfeso 5:11

**VaRoma 13:1**

Munhu mumwe nomumwe ngaazviise pasi pamasimba makuru nokuti haku-nesimba risina kubva kuna Mwari iwo aripo akaiswapo naMwari

Ndinowanzoshamisika hangu nenzira iyo inobatwa nayo vatungamiri vemakereke nemune dzimwe nzvimbo. Tombotanga hedu nemuimba maMwari umo makunyatsozvikana kuti hamusisina kuremekedzwa kweavo vari muhutungamiri. Vatungamiri veKereke avo vanofanirwa kuti varemekedzwe nekukudzwa havachanzarwo nevatendi.

Unwana sei maropafadzo kubva kuna Mwari kana iwe usina hanya nehutungamiri hwaakaisa pamusoro pako? Vhesi redu ranhasi rirukunyatsotaura pache-na kuti vatungamiri vese vakabva kuna Mwari. Zvinoreva kuti Mwari vanobvumira hutungamiri hwakadaro kuti huufike muhupenyu hwako nechikonzero. Uye

kusvikira paunotanga kukudza nekuremejedza vatungamiri vawakapihwa naMwari unoramba uri pasi usingasimudzirwe uchishaya kuti zviinenge zvi-chifamba sei.

Ukanzwisa kuti Mwari vanokoshesa kuremekedzana nekukudzana unoona pave kuitika shanduko muhupenyu hwako kana ukatanga kuzviita. Nzira yaunobata nayo avo varimuhutungamiri muhupenyu hwako ndiyo inokonzeresa kuti usimudzirwe kubva pachinhano chaunenge uri uchiiswa pane chimwe. Bhaibheri rizere nemifananidzo yevanhu vaiwana maropafadzo akawanda kuburikidza nekuremekedza kwavainge vaita avo vaivatungamira. Remekedza vatungamiri vako kana uchida kusimudzirwa muhupenyu, hwako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Kuburikidza naJesu ndavanehuchenjeri hwekuremekedza nekukudza avo vakaisa pazvinzvimbo zvepamusoro muhupenyu hwangu. Ndinoziva kuti kuremekedza nekukudza vamwe kunokonzeresa kuti Mwari vandisimudzirewo. Kubvira nhasi ndichaita mbiri yrkuremekedza vakuru kwandiri. Hareruya

MAVHESI EKUVERENGA

1 Petro 2:13

**2 Timoti 3:1**

Ziva zvakare kuti mumazuva ekupedzisira nguva dzakaoma dzichauya

Kana tikaongorora zvakanyorwa muvhesi redu ranhasi tinonzwisisa zvarinoreva. Ongorora zvakare kuti vhesi iri rinoreva kuti pane zvinhu zvakataturwa kare uye kuti iro ririkuwedzera pane zvakaturwa kare izvi. Tave kurarama mumazuva ekuti tiri kuona kuwanda kwenyaya dzekuitika kwezvinhu zvakaipa kuinebongozozo nenyaya dzemhirizhonga dzakawanda, izvo zvisati zvamboitika. Zvikamu zvese zvinoburitsa nhau mungave mumapepanhau muzvivhiti vhiti kana masaisai eineternet unogowana dziri nhau dzemhirizhinga nekuparwa kwemhosva chete. Kuipa kwazvo ndekwekuti tinotoona kuitika kwezvimwe zvezvinhu izvi sezvo zvichitepfenyurwa munhau dzinobva kunzvimbo dzakasiyana pasi rese. Vana vanoanawo zvakare kuitika kwemhirizhonga iyi, izvio zvinoratidza kudzikira kwaita kuremekedzana nerudo mukati mevanhu.

Chinokatyamadza ndechekuti mabasa akawanda emhirizhonga arikukonzerwa neavo vanenge vasarudzwa kuti vatungamire veruzhinji. Ukaongorora zvakare dzidziso irikuitwa muzvikoro unoona kuti zvidzidzo zvirikushandurwa kuti zviibumire zvinhu zvinonyangadza kuti zvidzidzise kuvana kuita kunge ndiwo magariro anofanirwa kuitika. Chokwadi aya avemazuva akaoma uye anenjodzi zvikuru, zvichiratidza kuti avemazuva ekupedzisira sezvazvakanyorwa. Nyika irikuyedza nepese painogona napo kurambidza kutaurwa kwemashoko anokurudzira vanhu kuti varamemhupenyu hwavo vachitevera zvinodiwa naMwari. Nguva yekuoma kwezvinhu yatosvika uye izvi zvinhu zviripachena zvisingatomboda kutsanangurwa. Sekuziva kwedu hupenyu panyika huchangoerekana hwaperera. Handisi kutaura izvi kuti ndikutyichidzirei kwete asi kuti ndikukurudzirei kuti mugare makagadzirira. Iyi yave nguva yamakapihwa yekuti muvenehushingi hwekuparidza shoko renhau dzakanala kuchisikwa chese munyika!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoziva kuti mandiri ndinesimba rekukunda chivi nemiyedzo yese ingauye kwandiri. Handitevedzere mararamiro arikuita vanhu munyika. Hupenyu hwangu hucharatidza Kristu kwese kwandinoenda. Hapana anondinyararidza, izwi rangu richakonzeresa shanduko munyika ino yazara mhirizhonga kudai! Amenii.

MAVHESI EKUVERENGA: 1 Timoti 4:1

**Muprofita Isaya 40:31**

Vanomirira Jehovha vachapihwa simba idzva, vachabhururka segondo, vachamhanya vasinganete uye vachafamba vasingapere simba.

Zvinonakidza kuona kuti vhesi redu riri kupamuenzaniso weruzivo rwezvaMwari mukuva nesimba rinoita kuti ubhururuke segondo. Gondo rine hunhu hwakasiyana nedzimwe tsika. Harimbofa rakakundwa nemuvengi, rinorwa kusvikira pekupedzisira zvisineyi nekukura kunenge kwakaita muvengi anenge achiri rwisa. Ko neyi vhesi redu richienzanisa mutendi negondo? Ririkudaro nekuti mutendi anofanirwa kuvanenharo dzinenge dzegondo idzo dzinowanikwa nemutendi wese azere namweya mutsvene. Simba ritimugondo rinofanirwa kukonzeresa mutendi wese kuti anzwisise kuti anekusanangurwa kwaakaitwa naMwari kunomupa simba risina kuenzana neririmunevamwe. Semuenzaniso hauna chinokuzunungutsa

kana pakaitika dambudziko. Segondo unoramba wakashinga chete uchirwusa kusvikira wakunda chete.

Vatendi vakawanda vanokurumidza kuneta vasingatevedzeri hunhu hwaKristu hwekurwa kusvika pakukunda. Pakangoitika mhengo chete inovazungunutsa vanobva vatanga kugununguna nekufunganya vachifunga kuti nyika yavapandukira. Dhavidhi haana kutarisa hukuru hwaGoriyati asi akamira akashinga akarwisa akakunda. Ndozvaunofanirwa kuti uite kana ukasangana nedambudziko usanete.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakaberekwa naMwari, ndirimukundi, Ndinorwisa kusvikira ndakunda. Tariro yangu irimuna Kristu mugore rino rekuitika kweminana isina magumo. Hareruya.

MAVHESI EKUVERENGA

Mapisarema 103:5



BECOME A UAF PARTNER TODAY BY VISITING
WWW.UEBERTANGELFOUNDATION.ORG

UEBERTANGEL FOUNDATION





Mapisaremas 69:9

Nokuti kushingairira imba yenyu kwakandipedza Nokushora kwava-nokushorai kwakawira pamusoro pangu.

Kazhinji kacho maKristu anotanga rwendu rwechiKristu vainerufaro uye vakasimba, vachida kugara vari muhuvapo hwaMwari nguva dzese. Vanenge vasingarovhe kukereke, vachipinda mumisangano yese yekereke. Ndivo zvakare vanotanga kupinda muchechi uye mweya yavo inenge ichidokwairira Mwari.

Zvavanenge vachida kuwana zvinotora nguva yakareba, votanga kuneta. Ndipo paunoona vavekurovha kuchechi, vachipa zvikonzero zvekusaenda kuchechi nekusauya kubasa raMwari. Moto unembenge uri mavari unotanga kudzima. Zvinhu zvinenge zvakati omei kuti zviitike kunyanya muimba maMwari. Bhaibheri rinotiudza muna Mateo 5;14 kuti 'Ndimi

chuyedza chenyika. Muriguta rakavakirwa pamakomo risingavanzike.'

Saka kubvira nhasi shungu dzako dzaJesu ngadzidzoke uratidze kubwinya kwake. Wakasikirwa hukuru uye hukuru uhwu hunowanikwa huri mauri paunongotambira Jesu satenzi nemuponesi wehupenyu hwako. Jesu haas-handure mifungo yaainayo pamusoro pako. Inguva yekumutsiridza moto wamweya mutsvene mukati mako zvakare.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Hupenyu hwangu huchapenya huchiratidza simbaraMweya Mutsvene riri mandiri. Handina chinondikanganisa. Handisi murambiwa. Ndiri munaKristu iye arimandiri. Hupenyu hwangu hucharamba huchipenya kuratidza kubwinya kwake. Hare-rya!

MAVHESI EKUVERENGA

Johane 2:17

**Mateo 13:25 (NKJV)**

Asi vanhu vavete muvengi wake akauya akakusha mashawi pakati pezviyo akaenda.

Nhasi ngatimboita svomhu. Kana ukarara kwema awa masere ayo anokomekedzwa nanachiremba ekuti munhu awane nguva yekuzorora uchaona kuti paunozovika zera rekuzorora remakore makumi matanhatu nemashanu ekuberekwa, nguva yaunenge wapedza wakarara inenge yaenzana nemakore masere. Unenge usina kucherechedza kuti nguva yawakapedza wakarara yakakutorera zvinhu zvakanwanda muhupenyu hwako. Muvhesi redu ranhasi kunotsanangurwa kuti kune mbavha yakauya, asi haina kudzara masora ayo murimi akamuka kwete. Yakakamirira kuti atange arara kuitira kuti yozodyara mhodzi dzayo paainege akarara! Wakuzviona ka kuti ukarara unopa wakaipa mukana wekupinda mumunda mako achidzara zvakaipa mubhizimusi

rako, mumari dzako muwanano yako nemuvana vako, uye nemubasa rako!

Dambudziko riripo nderekuti vatendi vakawanda vakarara, uye vamwe vanotorara muhechechi panguva dzekitwa kwerusando! Pakati chaipo pekuitwa kwerusando unoona vachikotsira vasingatombokoshesa nzvimbo yavanenge vari! Chengetedza mamiriro ezvinhu mumba mako semuPirisa wemba yako! Bhaibheri rinotiudza muna Zvirevo 6:10-11 'Kumbovata zvisomanene kumbotsumwaira zvisomanene Kumbofungatira maoko zvisomanene ndizore. Saizvozvo urombo hwako huchasvika segororo nekushaiwa kwako semunhu wakashonga nhumbi dzokurwa'. Haisisiri nguva yekurara. Amen.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinodambura makashu, ndinoyambuka miganhu, ndiri mukundi handikundikane. Handichangogara ndakarara asi ndichagara ndakamuka nguva dzese kusvikira ndapedza basa rangu randakapihwa naMwari! Hareruya!

MAVHESI EKUVERENGA

Mapisarema 127:2

**Johane 15:13**

Hakuna mumwe munhu anerudo rukuru kune urwu kuti munhu arasire hama dzake upenyu hwake

Zvakaitwa naJesu zvekuti ape hupenyu hwake kuitira kuti veruzhinji vawane hupenyu husingaperi chinhu chisina akambozviita, icho chinoita kuti asiyaniswe nezvimwe zvitendero zvisiri zvechiKristu. Rudo rwakadai rwunoratidza kuti ndibaba vanodisira vana vavo.

Bhaibheri rinoti patakange tiri vatadzi Kristu akatifira (VaRoma 5:18). Rudo rwakadai tinofanira kurwukoshesa pakutenda kwedusemaKristu, nekuti rudo rwaunopakurira mukoma wako muninina wako kana handzvadzi yako rwunofanira kufanana neurwo rwakaradidzwa nalshe Jesu.

Ukawona handzvadzi yako kana mukoma wako ave kurasika, kana kuti achikanganisa, mugadzirise, umudzore nerudo.

Tiri vatevedzeri vaJesu tiri mwadhi dzakanyorwa saka tinofanira kutevedzera Kristu. Unofanirwa kuratidza rudo rwako kuvatendi nevakarasika uye hapafanire kuita musiyano parudo rwaunogovera kumunhu wese. Hapasisina nguva yeruvengo yekuita hashu, yekunyengera kana yekuita makuha. Ita kuti pese paunotaura uratidze rudo uye izvi ndizvo zvichakonzeresa kuti vanhu vakawanda vakarasika vauye kuna Kristu. Kristu ndiye muenzaniso werudo watinofanira kutevedzera.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Rudo rwandiinarwo rwuri kuyerera, nderwechokwadi uye rwakachena. Handina zvakaipa zvandinofungira vamwe kana kuda kuita kwavari; Ndirimutakuri werudo urwo rwuri mandiri uye hupenyu hwangu huchaenderera mberi huchibwinya nezita ra-Jesu Amen.

MAVHESI EKUVERENGA

1 Johane 3:16

**VAHEBERU 4:12**

Nokuti shoko raMwari imhenyu rinestimba, rinopinza kukunda munondo unocheka kumativi maviri, rinobaya kusvikira panoparadzana mwoyo no mweya, namafundo nomwongo rinotonga mifungo nendangariro dzemwoyo

Chinoshamisa pamusoro pevhesi redu ransi ndechekuti rinezvinhu zvakawanda zvarinotaura pamusoro pazvo. Chii chinoshandiswa naMwari kuti vaparadzanise mwoyo nemweya, chii zvakare chavanoshandisa kuti vaparadzanise mafundo nemwongo. Tirikunzwa muvhesi redu kuti shoko raMwari ibenyu, rinofema rinoona rinofamba, uye rinofunga. Tsananguro yakadai yakasimba sezvo vanhu vas-ingakoshese shoko raMwari vachiriona sechinhu chisina maturo. Matsanangurirwo aitwa shoko raMwari nevhesi iri anotikurudzira kuti tidzise mafungiro atinoita pamusoro peshoko iri torikoshesa muh-

upenyu hwedu. Zvatirikudzidza pamusoro peshoko raMwari ndezvekuti tinofanirwa kuti tikoshese shoko raMwari nekuti iro shoko raMwari pacharo ritori chombo chinogona kushandiswa pamuvengi. Atori mauto chaiwo akashongedzwa nezvombo zvinorakasha kamba yemuvengi.

Ndosaka zvisingashamisa kuti Ishe Jesu pavaipindura muvengi vaishandisa shoko raMwari vachitaura kuti zvakanorwa kunzi zvakanorwa kunzi, pese pavaimupindura. Hondo dzaurikusangana nadzo idzi dzinobva munyika ye mweya, uye dzinopedzwa neshoko raMwari. Kana Ishe Jesu vakashandisa shoko raMwari pavakange vachirwisana nemuvengi vakakunda, koi we zvingani zvauchakunda kana ukataura shoko raMwari pamusoro pebhizimusi rako, mhuri yako nepamusoro pehupenyu hwako? Yave nguva yekuti utaure shoko raMwari kutanga nhasi!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakachengetedzwa neshoko raMwari uye ndakadzivirirwa nemweya waMwari, Hongu Kristu mandiri itariro yekubwinya. Handimbofa ndakakundwa. Hupenyu hwangu huchaenderera mberi huchi simukira muna Kristu nezita raJesu. Hareruya!

MAVHESI EKUVERENGA

VaEfeso 6:17

**Genesisi 1:28**

Mwari akavaropafadza Mwari akati kwavari Berekaimuwande muzadze nyika, mubate ushe pairi munesimba pamusoro pehove dzegungwa, napamusoro peshiri dzedenga napamusoro pezvipenyu zvose zvinokambaira

Maiwezvangu Murairo waMwari kumunhu wakanyorwa muvhesi redu ranhasi. Zvese zvinodikanwa kuti munhu ararambe ainazvo uye kuti akunde zvirimo mushoko rakanyorwa nemusiki. Unobva wanzwisisa kuti sei ndichiti kukosha kwangu kunobva mumashoko andinotaura pamusoro pangu kwete zvinofungwa nezvinotaurwa nemunhu pamusoro pangu, uye zvandiri zvinogona kuwanikwawo nemutendi wese. YWakapihwa hutongi pamusoro pezvinhu zvese. Ropa rekuvanezvibereko, kubereka nekuwanzwa kwezvinhu riri mauri. Mwari vaakakuisa pamusoro pezvisikwa zvavo, uye vakakupawo simba rekutonga.

Ndiwe simbi yaMwari yavanoshandisa pakuwanzwa kwezvinhu. Saka haufanirwe kupererwa kana kushomekerwa nezvinhu nekuti Mwari vakakupa simba rekusika nekugadzirisa pese panenge pakanganisika muhupenyu hwako. Ukaongorora hupenyu hwako woona kuti hauna zviribereko uye kuti hakuna kuwanzwa kwezvinhu muhupenyu hwako, ibva watoziva kuti hauri kushanda zvakanaka semasikirwo awakaitwa naMwari. Usatsvage dzimwe nzira dzekuda kugadzirisa nadzo hupenyu hwako kana husiri kushanda zvakanaka nekuti mauri, mukati mako mune nzira dzekuvaka nadzo hupenyu hwako zvakare uchishandisa shoko raMwari. Ukakurumidza kuwana chizaruro chekuti uri ani, unokurumidzawo kugadzirisa zvakananganisika muhupenyu hwako, wotanga kutonga.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndinoshanda saMwari. Mandiri munogara Mwari saka hapa na chinogona kundiparadza. Ndinokwanisa kugadziridza zvese zvakananganisika muhupenyu hwangu ndounza mazano matsva ekuhusimudzira. Ndiri mukundi uye ndinokunda zvese zvinondiwire muhupenyu.

MAVHESI EKUVERENGA

1 VaKorinte 9:27

**VaEfeso 2:10**

Nokuti firi basa rake takasikwa kuti muna Kristu Jesu tiite mabasa akanaka akagadzirwa kare naMwari kuti tifambe maari.

Kana ukanzwa zvichinzi takasikwa muna Kristu unobva waziva kuti ibasa rakanakisisa rakaitwa iro rakaitwa naMwari pachake. Mwari vakatora nguva yavo vachikugadzira vachikukwenenzvera pavaikusika. Avo vanoziwa magadzirirwo anoitwa zvidhinha kuchishandiswa nzira dzekare, vanoziwa zvandiri kutaura pandiri kushandisa mufananidzo uyu.

Panogadzirwa zvidhinha pane zvinoshandiswa pakuumba zvidhinha kuitira kuti zvibude zviine mufananidzo wakafanana. Ndozvatiiri muna Kristu. Takagadzirwa nemufananidzo wake uye tinoshanda saiye tichiita zvaanoitawo. Vhesi redu ranhasi rinopedzisira nemashoko anoti '...tiite mabasa akanaka akagadzirwa

naMwari kuti tifambe maari'. Mabasa akanaka aya akagadzirwa kare asi vangani vedu varikufamba maari?

Kuratidzirwa kwesimba rekumusoro, ndizvo zimwe zvinofanirwa kuitwa nemaKristu asi kune maKristu mashoma arikuratidzira simba iri. Une hunhu hwaMwari mauri, wakasanangurwa kuti uve chiratidzo nechishamiso kurudzi rwekwenyu, asi hapana anokuziva. Simba rauinaro harisi kushanda. Hapana chaunowana kusvikira wavekushandisa simba riri mauri. Uye kusvikira wave kuratidza simba riri mauri haumbofa wakaona kubwinya kwake. Chasara zvino ndechekuti utore matanho ekuratidza simba riri mauri.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirimufananidzo waMwari unoratidza kubwinya kwake, ndakagadzirwa kudenga ndikagoverwa kunyika. Hupenyu hwanangu hunoratidza hunhu hwaMwari nezviito zvake. Ndirimutakuri wehunhu hwaMwari saka ndinoramba ndichiratidza mabasa nesimba raMwari! Amenii.

MAVHESI EKUVERENGA

Muprofiti Isaya 19:25

**Mateo 25:16**

Pakarepo iye wakapihwa matarenda mashanu, akaenda akaita mhindu nawo akawana mamwe mashanu.

Vhesi iri ndinorida zvikuru. Bhaibheri rino-tiudza kuti murume uyuu akangoti achip-ihwa matarenda mashanu haan kuped-za nguva, akabva atoita mhindu nawo ipapo ipapo sezvo akatanga kutenga zvinhu nekuzvitengesa. Akenda pamusika wemari semunnhu akange aine bhizimu-si riri pamutemo uye haana kumirira kuti audzwe zvekuita. MaKristu ndiwo anekat-sika ikako kekumira vachiudza vanhu kuti vakamirira Mwari kuti ataure navo avab-vumidze kuita zvavanenge vaona kuti zvinogona kuunza pundutso muhupenyu hwavo. Asi iye Mwari anenge akatovam-irirawo kuti vatore matanho.

Ngatimbotaura. Iwe waunofunga kuti ndiye akakupa pfungwa dzakapinza

kudaro ndiyani? Ndiyani akakupa zvekushandisa zvauinazvo izvo? Ndi-yani arikukupapa shungu dzekuenderera mberi uchiita bhizimusi raurikuita? Panguva ino wave kufanira kunge uchiziva kuti ndiMwari varikuita zvese izvi mauri. Mwari vakatotanga basa iri kare mauri. Nzwisisa zvandiri kukuudza izvi, wochitanga kufamba nzvimbo dzisati dzambosvikwa nevamwe uye nekui-ta zvisati zvambooneka. Yave nguva yekuti uvambe bhizimusi iro rawane nguva uchishuvira kuti uriite, chitanga kutsvaga hove kumvura dzakadzika nekuti makore ese aya waingo tsvaga kumvura shoma. Wagarisawo uchiita zvinhu munharaunda yave nguva yekuti bhizimusi rako riitwe munedzimwe nyika. Murume wataverenga nezvake muvhesi redu ranhasi akakurumidza kutora matanho akawana mamwe matarenda pamusoro. Ndinokukurudzi-ra kuti uve nepfungwa dzakaita sedzake.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndirikuwana maropafadzo kubva kuna Mwari mazuva ese uye ndakadaidzirwa hukuru. Ndirimupi wemari kuhushe hwa Mwari uye ndinodaidza mari. Handinonokerwe uye ndinobudirira pane chese chandinobata nezita ra Jesu. Amen.

MAVHESI EKUVERENGA

VaRoma 12:6

**Marko 1:41**

Jesu akamunzwira ngoni akatambanudzwa ruoko rwake akamubata akati ndinoda chinatswa.

Kana uchida kuti Mwari vakushandise mukuporesa varwere unofanira kunzwira munhu wese anenge achirwara tsitsi. Unofanira kuva munhu anetsitsi, uye unofanira kuzviita ipapo ipapo. Kana ndichiti iva netsitsi ndinoreva kuti mweya wako nganzwe kurwazirwa avo vanenge vachirwara kana vanenge vaine marwadzo. Zvakafanana nekunzwa pamuviri wako iwe zvinenge zvichinzwika nemunhu anenge achirwara kana kuti anenge ine marwadzo iwayo achida kuporeswa.

Paunongonzwa wave kunzwa tsitsi unobva wasimudzirwa kuti uende pane chimwe chikamu chenyasha dzaMwari, uye zodzo rekuporesa rinobva ratanga kungoduruka kubva mumuviri wako zvekuti pauningosangana nemunhu anenge

achirwara vanobva vatopora. Kana mukati mako musina chinenge chaitika icho chinoenderana nehurwere hwemunhu anenge achiporeswa ibva wagaroziva kuti unenge usina simba rekumuporesa munhu wacho.

Mwari vanoona mamiriro anenge akaita mweya wako paunenge uchienenda kune vanenge vasingaone, vasinganzwe, vanorwara negomara kana nehutachiona hweHIV. Mwari vakaona uine shungu dzekuti varwere vapore vanobva vadzikisa simba rekuporesa kuburikidza namweya mutsvene. Ndomashandiro azvo. Usambofa wakaudza munhu mashoko ekuti apore imo mauri usinganzwe kuti anofanirwa kupora. Unenge uchingoita zvechitendero chete kana ukadaro, nekkuti hapana zvazvinoita, haapore.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndzere nerudo rwaMwari mandiri. Mwoyo wangu unotambira simba raMwari uye ndinonzwira varwere tsitsi. Ndichava chikomborero kuna avo vakandipoterredza neavo vandi-chasangana navo!

MAVHESI EKVURENGA

Ruka 7:13

**Mateo 6:21**

Nokuti panepfuma yako nomwoyo wako uchavapowo.

Ukaona vheri rinenge iri rakanyorwa nezvitsvuku mubhaibheri rako zvinoreva kuti Ishe Jesu ndivo vanenge vakataura mashoko iwayo. Ukashandisa mari yako uchibheja pamutambo wemabhiza, makasa kana chero upi mutambo unenge uchitamwa mwoyo wako unenge uri pane chaunenge wabhejera uchida kukunda. Vazhinji vanoona mitambo iyi vanoisa mari yakawanda vachibheja saka vanenge vaine shungu dzekuti pavanenge vabhejera pabudirire. Mashoko alshe wedu Jesu anogara akakunda nguva dzese uye zvakafanana nekuti ukapa mari yako kukereke, nemweya wako unotevera wo ikoko uchida kuti ikunde.

MaKristu akawanda haape zvipo kuna Mwari uye haabhadhare chegumi. Pfungwa dzavo dziri dzekuti vakapa mari iyi kukereke, inozodyiwa namufundisi! Vano

noda kuva ana Mwari kana yave nguva yekupa asi vanokanganwa kuti mari yavanenge vawana inobva kuna Mwari anova ndiye anopa zvese zvatinowana muhupenyu hwedu/ Unebasa iwe rekutsigira basa raMwari uye unokwanisa kuriita kuburikidza nekupa kwako kwari. Vamwe vanhu vanonyima uye vanoziyikanwa pamusoro pekunyima mumhuri dzavo. Unoona vachibvunzurudza kunenge kwashandiswa kobiri rese kubva kune vavanogara navo uye vanobvunzurudzawo pamusoro pemari inenge yaendeswa kukereke. Katsika aka kekusapa mari kukereke hakana kunaka nekuti kune basa rinoda mari rinofanirwa kuitwa nekereke rekuparidzira nhau dzakanaka kunyika dzese, uye kunyima mari yako [akuitwa kwebasa raMwari kunokanganisa iwe. Paunotanga kusunungura zvaunenge uinazvo uchipa pakuitwa kweshoko raMwari, unoona vave kukuzarurira mimwe mikana yekuti uwedzere mari yako.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Pese pandinopa kuna Mwari ndinenge ndisingarasikirwe kwete ndinenge ndichidyarira remangwana rangu, Saka pandiri kuisa mari yangu mukereke ndiri kudyara muivhu rakaorera. Goho rangu rinotouya chete. Hareruya!

MAVHESI EKUVERENGA

Zvirevo 23:4

**Ruka 17:1 (NKJV)**

Zvino wakati kuvadzidzi vake Hazvingaitiki kuti zvigumbuso zvisauye, Asi unenhamo iye wazvinouya naye!

Nyaya yekugodorana mukereke inyaya inonetsa zvikuru uye inogara ichiitika. Haisi nyaya inogona kutsanangurwa mumashoko mashoma sezvo iri nyaya yakakura irikutsviriridza mumakereke akawanda. Vatungamiriri vemakereke vanogodorwa nekugodoka pamusoro pezvavanoitirwa nenhengo dzesangano idzowo nhengo dzesangano dzichinetsana pachadzowo kana kunetsana nevatungamiri vadzo

Zvinokonzeresa kuti dzimwe nguva munhu atadza kuudza handzvadzi kana mukoma muna Kristu paanenge akanganisa nekuti unenge uchitya kugofdora munhu. Mutendi wechokwadi anofanirwa kudzidzisa nekutsurika nekuti zvinenge zvakamunakira iye. Uyo anoramba kuudzika

anoona avenematambudziko. Kana uri munhu anogodoka nyore unowira mugomba. Ramba kugodoka pamusoro petunhu tudiki diki, nekuti zvinokanganisa iwe, sezvo zvichikonzeresa kufunganya uye kutsamwa. Ita sarudzo yekugara wakafara nguva dzese kunyangwe uchisangana nezvinogodora.

Muna Zvirevo 18:19, zvakanorwa kuti 'Hama yatadzirwa inopfuura guta rakasimba, kukakavara kwakafanana nezvipfigo zveimba yamambo' Regedza kuva mumwe weavo vanozadzikisa vhesi iri! Dzidzira kuregerera paunokanganisirwa!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ini handikurumidze kutsamwa seMwana waMwari. Mwoyo wangu wakatarira kuzvinhu zvaMwari saka handigodorwe nechinhu kunyangwe zviite sei. Ndichagara ndakamira naKristu nekupupura pamusoro pekukunda kwangu pese panoitika chinhu chinenge chakananga kuti chindigodore nezita guru raJesu!

MAVHESI EKUVERENGA

1 Petro 2:23



1 VaKorinte 3:6 (NKJV)

Ini ndakasima Aporo wakadiridza asi Mwari vakameresesa.

Vhesi redu ranhasi rinotsanangura zvinhu zvitatu zvakakosha zvinoitika pakurima, zvinosanganisira kudyara kudiridzira nekumera kwezvinenge zvadyarwa zvacho. Zvikamu zvekutanga zviviri zvinoitwa nevanhu, cikamu chekupedzisira chinoitwa naMwari. Ukawona kereke ichtanga uye yokura ichiita mamwe mapazi kune dzimwe nzvimbo, senge mumatunhu mumaguta nekune dzimwe nyika unofanirwa kuti upururudze nekupemberera. Dzimwe nguva kune vamwe vanenge vakadyara kare usati wasvika panzvimbo asi hazvireve kuti panenge pasisina mukana wekuti newe uitewo chimwe chinhu, unofanirwa kuti udiridzirewo pane zvakatanga nevamwe. Kudiridzira zvinhakiinetse. Kana uchifarira hushumiri hwevana vadiki kumbira kushanda muhushumiri uhwu. Kana urimuimbi wopinda muboka reva-

noimba, kana uchida zvekutambira vaenzi wopindamo zvichingodaro.

Chero ripi basa raunenge uchida kuita muimba waMwari wakasununguka kuti uriite, wodiridzirawo munda wavo haushaye chekuita. Kune chimwe chikamu zvakare chinokwanisa kuti munhu wese ashande machiri, uye ichi ndechekuparidzira nhau dzakanaka kunzvimbo dzese dzenyika, nekubatsira kuti kuitwe mamwe makereke kune dzimwe nzvimbo. Paunenge uchitsigira muzvirongwa izvi, unengeuchitobatsira pakurima mumunda waMwari. Hapana marambiro aunogona kuita nekuti wakakodzera kuita basa iri! Une chipo tarenda nuye unogona kuita basa iri muna Kristu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Hakuna basa randisingagone kuita nekuti ndinamweya mutsvene mandiri uye ndine chipo mandiri chekushandira Mwari. Handigone kungogara chete ndisina zvandinenge ndichiita muimba yaMwari. Ndinesimba rekusimudzira nhau dzakanaka dzaMwari! Hareruya!

MAVHESI EKUVERENGA

Mabasa AvaApostora 18:4

**Marko 11:23**

Zvirokwazvo ndinoti kwamuri mumwe nomumwe unoti kugomo iri Simudzwa ukandwe mugungwa asinganyunyuti mumoyo make asi achitenda kuti zvaanoreva zvichaitika uchava nazvo.

Vatendi vakawanda vanoverenga vhesi iri asi havawane pundutso pariri kana varishandisa. Panenge panekusanzwisisa kanenge kachiitika kezvinorehwa nevhesi iri. Nhasi ndinoda kutsindidza mazwi anoti asinganyunyuti mumwoyo make asi achitenda', kuti ndipo pane nyaya yese inoita kuti uwane zvaunenge wareva. Ukasanyunyuta mumwoyo mako unokwanisa kusimudza gomo rinenge riri muhopenyu hwako. Wakambocherechedza here kuti Jesu anotaura pamusoro pe gomo "iri", zvichireva kuti rinenge risiri kure newe? Gomo racho rinogona kunge arimatambudziko emari, hurwere, kana kukura pamweya nezvimwewo zvakadaro, chero chipi chinenge chichikushungu-

rudza panguva iyoyo. Kuti uwane zvaunoda unofanirwa kuve nekutenda kwakaperera kuti zvaunenge wataura ndizvo zvinenge zvichitika pasina kunyunyuta.

Chitanga kuzvitatamura maonero aunaita zvinhu ashanduke, wobvisa kunyunyuta mauri. Paunotanga kukunda kunyunyuta uye kutenda kwako kwawedzera unotanga kuona zvinhu zvave kushanduka wave kukunda uchiwana zvaunenge uchida nezita raJesu.

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Mwoyo wangu wakasununguka handinyunyute saka chero chipi chandinodaa ndinochiwana. Ndinobvisa kunyunyuta kwese mandiri. Hareruya!

MAVHESI EKUVERENGA

Mateo 21:21

**Ruka 9:57**

Zvino vakati vachifamba munzira mumwe munhu akati kwaari Ishe ndichakuteverai kwese kwamunoenda.

Vhesi ranhasi rakakosha kumunhu wese anozviti mutendi kanakuti asingatende. Ungange urimuhushumiri kana kuti usiri asi vhesi ranhasi rakakoshera vateveri vaKristu neavo vachava vatendi muneremangwana. Zita remunhu akataura muvhesi harina kutaurwa nekuti bhaibheri riri kungotaura nezve mumwe munhu. Munhu uyu Kvipir ega kutevera Jesu. Nguva zhinji vatendi vanomirira kuti vagopi-hwa mabasa ekuita mukereke, kuti vaite mabasa avainehunanzvi paari.

Tese takadaidzwa kuhushumiri uye takapihwa zvipo zvakasiyana zvekuti tikazvis-handisa finosimudzira kereke yaMwari kuti isimukire. Kakusada kuita basa raMwari ako kari mune vamwe vatendi uye kuda kutumwa kunzi vabate basa mukereke

kurikunonotsa kufambiswa kweshoko raMwari. Vamwe havatomboda kuita basa kunyangwe vachiri gona asi vamwe vanotyana nekunyara kushandira Mwari. Hazvinei kuti urikudivi ripi revanhu vasirikushandira Mwari, chokwadi ndechekuti hausi kuita basa. Yakadaidzwa kuti tiite basa mukereke. Tiri hon-do yashe uye tinotarisiwa kuti tiite basa nekushingairira Ishe Jesu. Ndirikutadza kufunga kuti munhu anenge achipisa akadzikama, kwete! Munhu iyeye anomhanyamhanya achitsvaga kuti moto angaudzimure sei. Saka ngati mhanye mhanye tiite basa ratakapihwa naMwari kutanga nhasi!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Nsirikubvira nemoto waJesu uye hapana muvengi anogona kundidzikisira. Hupenyu hwangu hurikuenderera mberi huchibwinya huchikonzeresa kuti vanhu vaone Kristu mandiri. Handinyare kushumira vhangeri nekuti isimba raMwari pamusoro pemuvengi.

MAVHESI EKUVERENGA

Mateos 8:22



Mabasa AvaApostora 3:1
Zvino Petro naJohane vakakwira kutembere nenguva yokunyengerera yakanga iri nguva yepfumbamwe.

Jesu akwira kuenda kudenga vadzidzi vake vakatanga kuita chinhu chakange chine njodzi, chinonzi kunamata'. Varume ava vaifarira zvekunamata zvekuti vainge vavekuzivikanwa pamusoro pazvo. Vaigara vachinamata zvekutoti vakange vatumidza imwenguva kuttii yaive nguva yekunamata. Kunamata ange ave-magariro avo ndosaka vaikwanisa kupidigura mamiriro ezvinhu. Ongorora kuti kunamata ndiwo musimbote wechiKristu. Kana uchiwana nguva yekudya nekurara okwanisawo kuwana nguva yekunamata. Bhaibheri rinokomekedza muna Ruka 18:1, kuti vanhu vanofanirwa kunamata nguva dzose.

Vamwe vatendi vanogona kuti handigone kunamata. Kana usingagone kunamata uye usinachekunamatira kumbira Mweya Mutsvene kuti akubatsire. Iye anokubatsira nenzira dzake uye nemutauro wake wendimi idzo dzinozivikanwa naMwari, asi pfungwa dzako hadzikwanise kunzwisisa zvinenge zvichinamatwa. Paunenge uchinamata apa, mweya mutsvene anobva apindira pakukunamatira. Zvinhu zvaunenge usingazive zvinenge zvaitika kubhizimusi rako kana mumhuri iye anozvinamatira, nokuti anenge achinamata panusoro pezvinodiwa naMwari pauri. Usaregedze kunamata nekuti munamato ndiwo unokupa simba semukristu. Koshesa kuita minamato muhupenyu hwako kutanga nhasi!

CHIPOROFITA CHEKUTAURA

Ndakushandura manamatiro andakuita. Handingarame hupenyu hwangu ndisinganamate. Ndiri mwana waMwari uyendinoziva kuti kune nzira imwe chete yekutaura nayo nababa vangu, kunova kunamata. Amenii!

MAVHESI EKUVERENGA

Mapisarema 55:17



HAVE YOU RECEIVED JESUS CHRIST YET?

WE INVITE YOU TO MAKE JESUS CHRIST
THE LORD OF YOUR LIFE BY PRAYING THIS PRAYER;

"O LORD GOD, I COME TO YOU IN THE NAME OF JESUS CHRIST. I BELIEVE WITH ALL MY HEART IN JESUS CHRIST, SON OF THE LIVING GOD. I BELIEVE HE DIED FOR ME AND GOD RAISED HIM FROM THE DEAD. I BELIEVE HE'S ALIVE TODAY. I CONFESS WITH MY MOUTH THAT JESUS CHRIST IS THE LORD OF MY LIFE FROM THIS DAY. THROUGH HIM AND IN HIS NAME, I HAVE ETERNAL LIFE; I'M BORN AGAIN. THANK YOU LORD, FOR SAVING MY SOUL! I'M NOW A CHILD OF GOD. HALLELUIAH!"

CONGRATULATIONS! YOU ARE NOW A CHILD OF GOD.

TO RECEIVE MORE INFORMATION ON HOW YOU CAN GROW
AS A CHRISTIAN, PLEASE GET IN TOUCH WITH US ON

UK: +44 3333 448 612

USA +1 240 781 6942

RSA +27 51 004 0209

SCRIPTURE PASSAGE FOR PROTECTION

ISAIAH 54:

14 I AM BUILD SOLID, GROUNDED IN
RIGHTEOUSNESS,
FAR FROM ANY TROUBLE—NOTHING TO
FEAR!
FAR FROM TERROR—IT WON'T EVEN COME
CLOSE!

15 IF ANYONE ATTACKS ME,
I WILL NOT THINK FOR A MOMENT THAT
GOD SENT THEM,
AND IF ANY SHOULD ATTACK ME,
NOTHING WILL COME OF IT.

16 GOD CREATED THE BLACKSMITH
WHO FIRES UP HIS FORGE
AND MAKES A WEAPON DESIGNED TO KILL.
HE ALSO CREATED THE DESTROYER—

17 BUT NO WEAPON THAT CAN HURT ME
HAS EVER BEEN FORGED.
ANYONE WHO ACCUSES ME
WILL BE DISMISSED AS A LIAR.
I AM GOD'S SERVANT SO THIS IS WHAT I CAN
EXPECT
GOD WILL SEE TO IT THAT EVERYTHING
WORKS OUT FOR THE BEST FOR ME."

THIS IS WHAT GOD SAYS TO ME AND
IT WILL NOT FAIL IN JESUS'S NAME!



TheGoodNewsWorld Helplines

USA: +1 (240) 781-6942

UK: +44 333 344 8612

RSA: +27 (51) 004-0209

www.goodnewsworld.com